



Pou Piblikasyon Imedya: 9/1/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO AKÒDE 68 MILYON DOLA POU EDE PRÈSKE
1,300 FANMI ATRAVÈ NOUYÒK**

***Finansman sibvansyon yo bay gouvènman lokal yo ak òganizasyon san bi likratif
yo ki ede pwopriyetè kay, granmoun aje, ak veteran yo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse Nouyòk ap investi plis pase 68 milyon dola pou ede prèske 1,300 fanmi ki gen revni ba ak mwayen atravè tout eta a. Sibvansyon yo akòde atravè Biwo Eta Nouyòk pou Lojman ak Renouvèlman Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) bay moun ak fanmi yo, ladan yo gen granmoun aje ak veteran, sipò finansye pou fè amelyorasyon pou aksebilite, reyalize reparasyon ijans, ranplase kay prefabrike, resevwa asistans pou lwaye, epi jwenn asistans pou peman inisyal lè y ap achte premye kay yo. Anons jodi a fè pati Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye ak konsève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Abòde kriz lojman an pa sèlman konsène kreye nouvo kote pou moun viv," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk investisman plis pase 68 milyon dola sa a, nou ka ede prèske 1,300 moun ak fanmi yo, fè reparasyon ak amelyorasyon ki nesèsè pou yo ka kontinye viv an sekirite ak konfò jodi a epi nan lavni."

Prim yo selon rejyon ak kantite inite lojman ki afekte:

- **Rejyon Kapital:** 12,710,000 dola pou 201 kay
- **Sant Nouyòk:** 4,418,000 dola pou 67 kay
- **Finger Lakes:** 2,645,000 dola pou 42 kay
- **Long Island, NYC:** 2,800,000 dola pou 105 kay
- **Mid-Hudson:** 5,874,135 dola pou 85 kay
- **Mohawk Valley:** 6,229,828 dola pou 151 kay
- **North Country:** 16,980,361 dola pou 270 kay
- **Southern Tier:** 12,775,091 dola pou 191 ekta tè
- **Lwès Nouyòk:** 2,458,000 dola pou 92 kay
- **Rejyon konbine:** 1,650,000 dola pou 72 kay

Prim yo akòde atravè pwogram nan se Eta a ak gouvènman federal la ki finanse yo: NYS HOME, Pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta Nouyòk (NYS

Community Development Block Grant), Aksè a Kay (Access to Home), Aksè a Kay pou Ewo (Access to Home for Heroes), Aksè a Kay pou Medicaid (Access to Home for Medicaid), Ranplasman Kay sou Wou ak Kay Prefabrike (Mobile and Manufactured Home Replacement); ak RESTORE.

Biwo Renouvèlman Kominotè HCR la akòde finansman sibvansyon an dirèkteman bay minisipalite yo ak òganizasyon lokal san bi likratif yo. Fanmi ki kalifye yo ka aplike pou asistans. Chak pwogram aksepte aplikasyon nan yon faz finansman konpetitif anyèl. Benefisyè potansyèl yo ta dwe kontakte moun oswa òganizasyon ki resevwa prim yo nan yon zòn espesifik pou aprann plis sou sibvansyon ki disponib yo.

N ap jwenn yon lis tout moun ki resevwa prim yo nan hcr.ny.gov/funding-awards.

- Fon **NYS HOME** yo kapab sèvi pou achte ak/oswa reyabilite lojman pou yon sèl fanmi, ofri asistans pou peman inisyèl, ranplase kay sou wou ak kay prefabrike ki fin kraze epitou ofri èd pou lwaye baze sou lokatè pou fanmi ki gen revni ki nan oswa ki pi ba pase 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income) nan.
- **Pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Nouyòk** la bay finansman federal pou ede lokalite yo avèk pwojè ki amelyore kominote yo. Sibvansyon lojman yo ka itilize pou reyabilitasyon lojman pwopriyete okipe oswa kay lokatè okipe ak asistans pou sistèm dlo/dlo ize prive.
- **Aksè ak Kay** la ofri èd finansye pou fè kay yo aksesib pou moun ki gen andikap pou yo ka viv an sekirite nan rezidans yo oswa retounen viv nan rezidans yo olye pou yo nan yon anviwònman enstitisyonèl.
- **Aksè a Kay pou Ewo** a ofri èd finansye pou fè kay yo aksesib pou veteran ki gen andikap.
- **Aksè a Kay pou Benefisyè Medicaid** la ofri èd finansye pou fè inite rezidansyèl yo aksesib pou moun andikape pou manm Medicaid ki gen andikap.
- Pwogram **Ranplasman Kay sou Wou ak Kay Prefabrike** a ede pwopriyete kay ranplase kay sou wou oswa kay prefabrike ki fin kraze ki sou teren pwopriyete kay la avèk yon nouvo kay prefabrike, modilè oswa yo konstwi sou plas.
- **RESTORE** ofri resous finansye pou ede granmoun aje yo fè reparasyon ijans ak adrese vyolasyon kòd ki reprezante yon menas pou sante ak sekirite yo oswa ki ka afekte vivabilite nan kay la.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Avèk lidèchip Gouvènè Hochul, nou pa sèlman ap kreye lojman, men nou ap bay granmoun aje, veteran ak moun ki gen bezwen espesyal yo yon chans pou rete nan kay yo ak nan kominote yo chwazi yo. Envestisman plis pase 68 milyon dola nou an pral ede prèske 1,300 fanmi fè reparasyon ijans, amelyore aksebilite, epi ede moun achte premye kay yo. Mèsi ak anpil patnè gouvènman ak òganizasyon san bi likratif nou yo ki ede nou pwolonje yon mwayen sekou enpòtan pou anpil Nouyòkè."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Plis pase 68 milyon dola sibvansyon k ap jwenn sibvansyon yo pral fè anpil efò pou kreye ak prezève lojman abòdab nan

kominote atravè tout eta a. Finansman an, ki enkli nan bidjè eta a kòm yon pati nan plan lojman abòdab senk ane Gouvènè Hochul lan, pral ofri yon mwayen sekou pou plizyè santèn fanmi ak kay ki gen revni ba ak mwayen k ap lite pou rete kanpe finansyèman. Chak Nouyòkè merite yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo, epi envestisman sa a ap pote nou yon lòt etap pi pre objektif sa a."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 yo Adopte a, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks, finansman kapital, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay yo. Baze sou angajman sa a, Bidjè Ane Fiskal 2026 yo Adopte a gen ladan l plis pase 1.5 milya dola nan nouvo finansman Eta pou lojman, yon pwogram pilòt Koupon Aksè ak Lojman (Housing Access Voucher pilot program), ak nouvo règleman pou amelyore abòdablite pou lokatè ak achtè kay yo. Mezi sa yo konplete Plan Lojman senk ane Gouvènè a, ki koute 25 milya dola, ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2023 yo Adopte a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay anplis. Yo te kreye oswa konsève plis pase 70,000 kay jiska dat.

Bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2025 ak 2026 yo te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) Gouvènè a — ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Prèske 400 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)